

Kado Dlo

Gid pou Tekniksyen sou Tèren

Edisyon 2019

Kado Dio

Gid pou Tekniksyen sou Tèren

<u>Tab Matyè</u>	<u>Paj</u>
Teknisyen	
• Profil	3
• Inifòm	3
• Zouti ak ekipman	3
• Sale	4
• Chèf Teknisyen	4
Sistèm filtrasyon	
• Pyes ak enpotans yo	4
• Akwatab	5
• Materyel pou bati sistèm filtraj yo	6
• Etap pou bati sistèm lan	6
• Kòman pou w trete dio	6
• Antretyen ak reparasyon	6
• Lavaj ak netwayaj sistèm lan	6
Aktivite travay	
• Òganize zòn travay ou	7
• Regwoupman	7
• Orè Travay	7
• Distribisyon	7
• Konnikasyon	8
• Envantè	8
• Kòman	9
• Vizit nan kay la	9
• Rapò	10
Kontwòl	
Revokasyon	
• Revokasyon	10
Final Inòt	
• Final Inòt	10

Fòm Teknisyen

Fòmilè pou pran entonasyon sou benefisyè yo	11
Fich vizit jounalye	12
Fich rapò pou mw a	13
Fich Envantè Fizik Kado Dio	14

Teknisyen

Profil

- Komplete 5 jou fomasyon avek sikse epi sètifye kom yon teknisyen Kado dlo
- Abite nan zòn lap travay la
- Gen fannli, kay ak rasin nan kominote kote lap desèvi a
- Gen edikasyon lekòl segondè
- Konn li ak ekri kreyòl
- Kapab kenbe yon orè fleksib pou fè aranjman le gen move tan, jou konje ak pou mache
- Li dwe genyen ant trant ak karant senk lane
- Li pa dwe fannli ak yon manm ki nan komite dlo a
- Se yon manm respektè epi yo fè konfyans nan kominote a epi ki konn travay di
- Kapab konprann teknoloji: kapab itilize yon telefon entelijan (smartphone) ak entènèt la
- Anfon fizikman: pou li kapab mache ale lwen pou vizite benefisyè yo

Infòm

- Chapo baseball enprime ak logo Kado dlo a
- Mayo enprime ak logo Kado dlo a
- Valiz ou ka pote sou do ak zouti epi akwatab
- Jeans oudyen pantalon long, oswa jip long
- Soulye, tenis, oswa bot

Zouti ak ekipman

- Valiz ou ka pote sou do . Pyès pou fè reparasyon ak akwatab
- Padi
- Boutèy dlo
- Testè klwòks
- Kle 16mm
- Pens bèk fen epi ajistab
- Pòch kouto
- Tiyò PVC (itilize tiyò a pou retire tchèk vav la nan filte koton an)
- Kaye ak plim
- Fet pou make nimewo sistèm yo
- Ti liv postè a pou fè anseyman
- Postè demonstrasyon sistèm lan plastifye

- Katalog pri pou afiche pri pyès yo byen kle
- Jwèt pou aprann (3 Pli ak TR) Ed pou fè anseyman
- TI sak pou jwèt
- Setifika prev ou paspe nan fòmasyon

Sale

- Chak mwa kantite lajan teknisyen an ap touche a detèmine pa Òganizasyon an patnè a
- Travay 35 èdtan pa semèn ; yo konsideretravay la kòm yon travay a plen tan. Yap fè ajistemanسالè pou kantite èdtan total ou travay.
- Yo jeneralman peye teknisyen an apre li fin soumèt rapò travay li chak mwa

Chèf Teknisyen


- Si gen plis pase twa teknisyen nan yon kominite ta dwe gen yon sipèvizyon siplemantè ki merite, li rekòmande ke yon bon teknisyen monte nan plas yon sipèvizè. Sipèvizè gen pou :
 - Fè respekte tout gid teknisyen yo
 - Konseye tout nouvo teknisyen yo
 - Jere efikasite teknisyen yo nan fason yap travay, jere envantè ak rapò yo chak mwa
 - Rankontre regilyèman avèk komite dlo lokal la ak lidè kominite a
 - Bay kominite a fòmasyon sou dlo, asensman ak ijyèn
 - Fè odit regilyèman pou teknisyen yo pandan lap vizite benefisyè nan chak zòn teknisyen yo ap travay
 - Ramase enfòmasyon enpòtan lè li komitike ak teknisyen yo epi nan rapò chak mwa yo soumèt ba li. Komitike enfòmasyon sa yo ak lidè kominite a.
 - Kreye rapò chak mwa, dokiman ak aktivite ki fèt ak teknisyen yo asire ke tout bagay byen kontwole

Sistèm filtrasyon dlo Kado dlo a

Pyès ak enpòtans yo

- Bokit anle: se ladan l pou fè dezentefikasyon ak filtrasyon dlo a
- Bokit anba: li resewa dlo ki fin filtre a epi pèmèt li byen estoke
- Kouvèti anlè a: pou bouche bokit la pandan dlo a ap dezentefike
- Kouvèti anba a: li kenbe filètè chabon an
- Bouchon wouji: li bouche filètè koton an pou dlo nan bokit wouji la pa desann nan gri a san l pa filtre
- Filètè koton an: filtre dlo a, li kenbe tout kras ak tout parazit
- Tchek vav: li anpeche dlo a tonbe lè w mete l nan bokit wouji la

- Kouplè : Li pouse vis al amndan chèk vav la pou pèmèt dlo a desann nan filè chabon an epi desann nan bokèt gri a.
- Sipò fè : li sèvi sipò pou kenbe bokèt wouj la sou gri a
- Filè chabon : li retire move gou nan dlo a epi li kenbe gou akwatab la
- Woblinè : fasilite w pran dlo nan bokèt gri a san w pa bezwen ouvè l
- Otokolan ak enstruksyon : li bay enstruksyon sou fason pou w trete dlo nan sistèm lan



Akwatab

- Itilize pou fè dezenfeksyon dlo a, li tye viris ak bakteri
- 17mg: Li pipiti e li sèvi pou fè dezenfeksyon nan bokèt anba a, li nan yon ti pakèt
- 67mg: Li pi gwo e li vini nan yon gwo pakèt

Materyèl pou batì sistèm filtraj yo

- Pyès yo: chak sistèm konple gen youn nan chak: kouvèti bokit anli, kouvèti bokit anba a, bokit anba, bokit anli, filèt koton, kap wouj, koupilè, tchèk vav, sipò fè, filèt chabon, woblinè epi otokolan ak enstriksyon
- Zouti ki nesèsè yo : Bout pvc a, pens ajistab

Etap pou batì sistèm lan

1. Mete tchèkvav ak kap wouj la nan filèt koton an
2. Byen vise filèt koton an nan bokit wouj la, itilize yon pens oubyen yon ajistab pou fè sa
3. Vise filèt chabon an nan kouvèti gri a : mete sipò fè a epi mete koupilè a pou w ka vise l nan filèt a ak nan kouvèti a
4. Byen vise woblinè a nan bokit gri a
5. Mete otokolan an sou bokit gri a nan fas kote woblinè a ye a

Kòman pou w trete dlo

1. Separe de bokit yo epi ranpil bokit anli a avèk dlo ou pran nan nenpòt sous ki disponib; Il toujou pi bon si w itilize dlo kiè
2. Mete yon grenn akwatatab 67mg nan bokit anli a epi tann 30 minit pou l byen defenfakte
3. Mete yon grenn akwatatab 17mg nan bokit anba a pou asire pa gen risk, o ka ta gen youn ti mikwob ki rete nan netwayaj la
4. Konekte bokit yo; Mete bokit anli chita sou bokit anba a epi tann dlo a fin filtre nèt nan bokit anba a
5. Sevi ak woblinè a sèlman pou w pran dlo nan sistèm lan

Antretyen ak reparasyon

- Antretyen jeneral kap gen pou w fè nan sistèm lan: chanje filèt koton an, chanje chabon ak trifla nan filèt chabon oubyen ranplase plaj la nan filèt chabon an, epi, ajiste vis la ak resò a ki nan andedan tchèk vav la; sevi avèk pens bèk fen an pou fè sa
- Reparasyon kapab nesèsè si gen negijans nan rason benefisyè a lan itilize sistèm nan oswa le filèt a ap pran laj

Laval ak netwayaj sistèm lan

- itilize sèlman klowòks likid pou lave sistèm lan.
- itilize yon ti sèvyèt ki pwòp avèk klowòks likid epi pase andedan tou de bokit yo
- Apre w fin netwaye anndan yo, pase deyò bokit yo ak sou woblinè a
- Pa sevi ak savon , ni likid oswa fab pastè yo difisil pou yo rense si yo antre nan filèt yo

Aktivite Travay

Òrganize zòn travay ou

Zòn ki sou responsablite w:

- Zòn wap opere yo pa dwe lwen kote ou rete
- Teknisyen an dwe abitye avèk zòn travay la avan distribisyon an

Regwoupman

- Regwoupe sistèm yo nan yon zòn se yon bon estrateji lè wap fè distribisyon .
- Sistèm ki gwoupe ansanm yo pi fasil pou vizite, konsa plis sistèm ka vizite nan yon sèl jou

Orè Travay

- Enfòmè benefisyè yo davans lè ou gen pou vizite kay yo pou ogmante chans pou w jwenn yo lakay yo
- Ou dwe okouran lè moun yo pap lakay yo tankou jou ferye oswa jou madre oswa jou jèn

Distribisyon

- Komite dlo a gen responsablitepou chwazi benefisyè yo, men teknisyen an bezwen gen opinyon pa li si toutwa kritè yo pa respekte

Anvan distribisyon

- Technisyen an dwe konnen kay ak adrès kote tout sistèm yo pral plase anvan distribisyon yo.
- Komite Dlo a ap ratifye lis benefisyè yo
- Asire l ke kay ki nan zòn travay li a regwoupe yo nan yon sèl zòn kote sistèm yo pa lwen youn ak lòt avan l al distriblye nan yon nouvo zòn
- Non tout benefisyè yo dwe anrejistre ak nimewo telefòn, epi zòn kote tout sistèm yo ap plase
- Yon sèl sistèm pa fanmi

Planifikasyon distribisyon

- Chwazi yon kote pou fè distribisyon: Legliz, klinik oswa yon zòn komen
- Envite anmwon 25 benefisyè nan lis la pou vin pran sistèm lan yon fason pou w pa gen difikilite pou fè fòmasyon pou yo. Si w gen 50 sistèm selman distribisyon an ka fèt nan menm jou a, men ap gen 2 reyinyon an 2 gwoup 25 moun.
- Fè repetyasyon pou asire w ke tout moun byen konprann kijan yo pral itilize sistèm lan

Distribisyon

- Montre moun kap resewwa sistèm lan kòman pou yo itilize l epi fè dio a ladan. Fòmasyon an dwe fèt avan moun yo resewva sistèm lan sak dwe fèt avan distribisyon an.
- Rammasè fè pou sistèm lan nan men chak benefisyè, jan komite dio a detèmine epi bay lidè komite a oudbyen komite dio a lajan an pou yo mete sou yon kont labank pou itilize le gen bezwen pyès
- Distribye selman sistèm nan kay ki nan lis la

Touswit aprè

- Vizite chak benefisyè menm semèn yo fin jwenn sistèm la epi chak mwa aprè pou asire yo sèvi avèl byen.

Kominikasyon

Kado Dio

- Chak mwa fòmated Kado Dio a ap rele teknisyen an pou enfòme sou kòman travay la ap mache

Lidechip Kominite

- Chak mwa rapò travay teknisyen an dwe soumet bay sipèvizè dirèk ou li
- Ekri remak nan pat' anba rapò a

Chèn Kominikasyon

- Lè teknisyen an bezwen pyès oswa akwatab li dwe kominike ak lidè kominite a. Li vrèman empòtan pou respèkte chèn kominasyon an ki mache konsa:
- Teknisyen → Lidè Kominite → Espansò → Kado Dio
- Ka gen plis oudbyen mwens moun nan chèn lan, tou depan de gwosè kominite a, plis li gwo plis ka gen moun nan chèn lan. Men ke l gen anpil oudbyen yon ti kras moun, sa ki pi empòtan se kominikasyon ak moun ki an chef la konsenan tout bezwen ki genyen nan kominite a.

Envantè

Netwaye, òganize, ak sekirize

- Fè aranjman pou nan espas kote pyès yo, founiti, ak akwatab yo fasil pou wè epi jwenn
- Netwaye regilyèman espas envantè a pou tout bagay rete pwofesyonèl
- Sere pyès ak akwatab yo nan yon espas ki an sekirite
- Distribye tablèt akwatab "Premye vini ... Premye Sòti" pou yo pa ekspire pandan yo nan depò a

Kontwòl ensèk mwizib

- Rat ak ravèt ka detwi atik nan envantè a

- Asire chamm kote pyès yo ye a pa gen twou pou rat yo pa ka antre, lidwe pwòpte regliyèman konsa ensèk yo pap gen kote pou yo rete
- Si ou gen yon pwoblèm ensèk nwizib, pale avèk dirijan de sa pou w konn kisa pou w fè

Chalè ak lòt eleman

- Sere envantè yo nan yon kote ki fre kote yo pap jwenn chalè oswa move tan pap fè yo anyen
- Si pyès yo oswa akwatatab yo ekspoze nan chalè oswa deyò bagay tankou pousyè oswa lapli, ap gen yon efè negatif sou yo

Envantè fizik

- Kote tout pyès, materyèl ak akwatatab
- Kenbe yon dosye ekri sou sa ki nan envantè a
- Le posib, pran yon foto envantè a epi voye l bay espansò a

Travay kote envantè

- Lè pyès ak akwatatab yo ajoute oswa soustrè nan envantè a, yo bezwen anrejistre sou lis envantè a pou kontaj la toujou egzat

Kòman

- Kominiye ak lidè kominite a lè envantè a ba ak lè gen bezwen pyès ak akwatatab
- Mande pyès ak akwatatab pou yon dire omwen 6 mwa

Vizit nan kay la

- Swiv epi kote tout sistèm nan zòn travay la
- Vizite tout benefisyè nan zòn travay la chak mwa
- Prepare pyès, akwatatab, zouti, ak founiti
- Abiye yon fason pwofesyonèl epi trete lòt moun ak respè
- Mande twa kesyon yo pou konnen si sistèm la gen pwoblèm
 - 1) Eske dlo a byen desann ? Pou konnen si gen blokis nan filè koton, tchèk vav, oswa filè chabon
 - 2) Eske li pa jete dlo ? Pou konnen si sistèm gen pwoblèm fizikman
 - 3) Eske w renmen gou dlo a ? Pou konnen si filè yo byen fonksone
- Teste prezans / absans klò nan dlo a a chak vizit
- Fè antrètyen ak reparasyon si sa nesèsè lè w vizite sistèm yo
- Kontinye motive fanmi yo pou yo itilize sistèm nan pou yo kontinye itilize l kòrèkteman
- Kontinye bay sipò ak edikasyon pandan a chak vizit sou bon fason pou itilize sistèm lan
- Vann pyès ak akwatatab yo selon pri komite dlo a oubyen lidè kominite a fikse
- Kenbe dosye yo kòrèkteman

Rapò

- Model rapò yo toujou disponib nan Kado Dio
- Rapò vizit Jounalve yo dwe fè lè teknisyen an fè vizit nan kay yo. Enfòmasyon yo konpile pou kreye rapò pou mwa a
- Rapò mwa sou travay teknisyen an dwe soumèt bay lidè kominite a oudyen komite dlo a chak fen mwa
- Soumèt rapò mwa epi resewva sale pou mwa an memm tan se pwosesis estanda travay la

Kontwòl

- Chak ane Gift of Water(Kado Dio) gen plan pou kontwòle aktivite travay ou yo
- Kontwòl yo fèt pou wè si pwogram lokal la ap byen mache, si teknisyen an ap travay dapre estanda Kado Dio yo, epi si benefisyè yo trete dlo kòrèkteman nan sistèm lan

Revolikasyon

Ankenn teknisyen pa gen yon travay pèmanan. Li ka pèdi travay li si :

- Li pa remèt rapò
- Li pa tounen kòb pyès ak akwatab ki vann yo
- Lè responsab Kado Dio yo vin fè vizit sistèm, yo pa byen mache, yo kraze, oudyen yo pa reparare
- Li pa respekte kondisyon travay lan

Nòt otè a

- Jou aprè jou, Chak jou ou ap travay. Planifye epi reflechi sou jou wap travay la davans. Ki kote ou pral? Ki sistèm ou planifye pou vizite? Verifike nan sak ou pou w asire w ke ou gen tout sa ou bezwen: Dio pou lew swaf, lajan mounen, testè klo, zouti, akwatab ak pyès sa yo.
- Kompetans, kalite, ak atitid yon bon teknisyen dlo. Lè ou antre kay benefisyè yo, li enpòtan pou rete pwofesyonèl aneak yon atitid pozitif. Benefisyè yo ap respekte yon teknisyen ki respekte tèt li ak trete lòt moun ak respè. Respè pral bay Pwogram Dio a plis enpòtans epi li pral ogmante kantite moun kap benefisye sistèm lan.
- Enpòtans pou rete debouya. Anpil moun bezwen dlo trete ak sikès pwogram Kado Dio a depann anpil sou kapasite teknisyen an pou li fè djòb li yo kòrèkteman. De santèn fannmi konte sou chak teknisyen.
- Itilize resous ou yo. Lidè kominite, komite dlo, ak konseye teknisyen an pou ede li sa nesèse.

Kado Dlo/Gift of Water (GoW)
Fich rapò pou mwa

Legliz/ Klinik/ asosyasyon: _____

Kominote: _____ Komin: _____

Non teknisyen an: _____ Dat: _____

Kantite sistèm: _____ Telefòn: _____

Kantite kay ki vizite (number of houses visited)	
Kantite kay ki pa gen moun (number of houses where there's nobody)	
Kantite sistèm tès bokit anile pozitif (number top bucket with + test)	
Kantite system tès bokit anile negative (number of top bucket with – test)	
Kantite sistèm tès bokit anba pozitif (number of bottom bucket with + test)	
Kantite sistèm tès bokit anba negative (number of bottom bucket with – test)	
Kantite kay ki vizite sistèm lan gen dlo (number of houses visited)	
Kantite kay ki vizite sistèm lan pa gen dlo (number of houses where there is no water)	
Kantite sistèm ki repara (number of systems repaired)	
Kantite sistèm ki merite reparasyon (number of systems that need to be repaired)	
Kantite flakon akwatab ki sot (number of packs of aquatabs sold or given)	

Remak:.....

Siyati sipèvizè/responsab komite dlo:.....

Gift of Water Physical Inventory (Envante Fizik Kado Dio)

Date (Dat) :

Location (Lokal) :

Persons present (Moun kap fe envente) :

Item (Bagay)	Quantity (Kantite)	Notes (Not)
Top bucket (bokit anle)		
Top lid (kouveti anle)		
Bottom bucket (bokit anba)		
Bottom lid (kouveti anba)		
Red cap (kap wouj)		
String fiter (filtè koton)		
Check valve (tchèk vav)		
Coupler (kouple)		
Metal washer (súpò fe)		
Carbon filter (filtè chabon)		
Carbon filter cap (Kap filtè chabon)		
Spigots (wobine)		
Labels for buckets (etiket pou bokit)		
Black retaining filters (plaj)		
Bag of charcoal (sak chabon)		
Aquatabs 17mg packet (flakon akwatab 17mg)		Dat ekspire :
Aquatabs 67mg packet (flakon akwatab 67mg)		Dat ekspire :
Other (lot bagay) :		

Siyati.....